Щыху лъэужьыфIэт

2-нэ нап.

Зи къалэным хуэпэжщ Беслъэн

2-нэ нап.

УсакIуэ цIэрыIуэм и щIыхькIэ

3-нэ нап.

IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр

4-нэ нап.

Франджы балетым и адыгэ вагъуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№154 (24.748) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Унагъуэрщ нэхъыщхьэр

Урысейм и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкIа Къэрал Советым и зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Ар теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм и унагъуэхэр дэIыгъыным.

КЪЭРАЛ УнафэщIым къыхилъхьащ унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ жэрдэмыщIэхэр, апхуэдэуи къыхуриджащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ япэу урысей унагъуэхэм, псом хуэмыдэу бынунагъуэшхуэхэм, я Iуэхур дэгъэкIыным хуаунэтIыну.

«Унагъуэр щIыщыIэр, абы и мыхьэнэр, псом япэрауэ лъэпкъым къыпыщэнырщ, апхуэдэ щIыкIэкIи лъэпкъыбэу зэхэт Урысейм и цIыхухэм къахэгъэхъуэнырщ. Унагъуэм - абы хохьэ нэхъыжьхэри, адэ-анэ ныбжьыщIэхэри, сабийхэри - къэрал политикэм пэрыт увыпIэр щиубыдын хуейщ. Абы щыгъуэщ демографие и лъэныкъуэкIэ щыIэ гугъуехьхэр ехъулIэныгъэкIэ щызэфIэтхыфынур, адэ-анэхэм бын нэхъыбэ зрагъэгъуэтыным тегушхуэнымкIэ щытыкIэ псори къахузэдгъэпэщыпхъэщ», - къыхигъэщащ Президентым.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ а унэтIыныгъэмкIэ иужьрей илъэситхум ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къэрикIуахэр, Унагъуэм и илъэсым зэфIагъэкIахэри хэту. Мыхьэнэшхуэ ирату къыхагъэщащ «Унагъуэ» лъэпкъ проектыщIэр. Ар цIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, я узыншагъэр хъумэнымкIэ, жылагъуэр зэкъуэгъэувэнымкIэ лъэпкъ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ иужьрей илъэситхум къэралым щыпсэу бынунагъуэшхуэхэм я бжыгъэм процент 27-кIэ зэрыхэхъуар. Апхуэдэу щытми, Президентым къигъэлъэгъуащ къалъхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIыным хуэунэтIа Iэмал щхьэхуэхэр адэкIи Iуэхум къыхэлъытэн зэрыхуейр. Лъэныкъуэ куэдкIэ унагъуэр дэIыгъынырщ а къалэным и хэкIыпIэ нэхъыщхьэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий мин 220-рэ щопсэу, ар жылагъуэм и процент 24,3-рэ мэхъу. Сабиищ къэс еплIанэр бынунагъуэшхуэхэм щопсэу, ахэр адэкIи нэхъыбэ хъун хуейщ. А IуэхумкIэ щIэгъэкъуэн хъарзынэщ социальнэ ахъшэхэр зэрыхухахыр, курыт еджапIэхэр, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм папщIэ гъэсапIэхэр зэраухуэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм анэмрэ сабиймрэ папщIэ иджырей IуэхущIапIэхэр къызэрыщызэрагъэпэщыр, нэгъуэщI куэди. Мыхьэнэшхуэ иIэщ унагъуэ лъапIэныгъэхэм жылагъуэм гулъытэ щыхуэщIыным. Унагъуэм и илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым а Iуэхум хуэунэтIауэ зэхыхьэ 800-м щIигъу щекIуэкIащ. Дэ ди унагъуэхэр щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм я мызакъуэу, къэрал зэпеуэшхуэхэми ехъулIэныгъэхэр щаIэу хэтащ. Лъэпкъ проектыщIэхэр ди щIэгъэкъуэну дэ адэкIи а Iуэхухэм къыпытщэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм зи гугъу щащIахэм теухуа и еплъыкIэр къыщигъэлъагъуэм.

Зыхуей псори яIэрыхьэнущ

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, Къэрал Советым и иужьрей зэIущIэм ипэ къихуэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Кремлым щыIэ урысейпсо «ХъуэпсапIэхэм я псейм» сабийхэм я гукъыдэжхэр зратха тхыгъэ цIыкIуищ къыфIихащ.

«НАЛШЫК щыщ Николь сабийхэм папщIэ зыгъэщIэрэщIапIэ Iэнэ цIыкIу иIэну щIохъуэпс. Херсон областым хыхьэ, ди республикэм и нэIэ зытет Скадовск щыщ Владислави зыгъэгуфIэн тыгъэ Iэрыхьэну хуейщ, Тэрч щыщ Аскэр - лъакъуэрыгъажэ-тренажер. Шэч хэмылъу, махуэ зыбжанэм къриубыдэу, сабийхэм зыхуейхэр яIэрыхьэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

«Гуапагъэм и жыг»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ урысейпсо Iуэхум иджыблагъэ хэтащ КъБР-м и Парламентыр. Депутатхэм республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ хутрадзащ социальнэ, медицинэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, апхуэдэуи дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и унафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыналъэм и печать къыдэкIыгъуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэращIым и мызакъуэу, депутатхэм я нэIэм щIэт сабий унэхэмрэ жьы хъуахэр щыпсэухэмрэ Илъэсыщlэ тыгъэ зэрыхуащIыр.

- Мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ, лъэпкъыбзэхэмкIэ къыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэхэм цIыхур еджэным драгъэхьэхыфу, я бзэ, я щэнхабзэ яхъумэжынымкIэ Iэмалыфlу ахэр щытщи. КъищынэмыщIауэ, нобэ ди мэзхэр хъумэнми хэлъхьэныгъэ хуэтщIыфынущ, Iэ щытеддзэкIэ, хэт сыт хуэдиз хуейми а Iуэхум хилъхьэну хуитщи. Мы едгъэкIуэкIым «Гуапагъэм и жыг» зэрыфIащари сигу ирохь. Сыхуейт жыгым и лъабжьэхэм зэрызиубгъум хуэдэу, гуапагъэри дунейм щынэхъыбэну. ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу, дэтхэнэ цIыхуми щхьэусыгъуэфI дыдэ иIэщ Iуэху дахэхэмкIэ гъэр зэхуищIыжыну, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым Жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ папщIэ Налшык дэт унэ-интернатымрэ «Нэмыс» сабий IуэхущIапIэмрэ газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэну Iэ яхутридзащ.

КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм яз, Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джатэ Руслан жиIащ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэмал имыIэу еджэн зэрыхуейр. Абы «Кабардино-Балкарская правда» газетыр яхутридзащ дзэ Iуэху хэхам мы зэманым щыIэ цIыху 55-м я унагъуэхэм.

Мы Iуэхум КъБР-м и Парламентым и депутат псори хэтащ, къэкIуэну илъэсым республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэнущ сабий унэхэм, школ-интернатхэм, жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ, зыхуэзэфIэмыкIхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

IэнатIэм хуэIэижьхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м шынагъуэншагъэр хъумэнымкIэ и органхэм хэтхэмрэ абыхэм я ветеранхэмрэ я махуэмкIэ ехъуэхъуащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм и хъуэхъу тхылъым дыкъыщоджэ:

- Мы махуэшхуэм къэралым и щхьэхуитыныгъэри, абы щызекIуэ конституцэ хабзэри, Урысейм мыхьэнэ зрит тегъэщIапIэхэри, абы щыпсэухэм я гъащIэри зыхъумэ цIыхухэр зэкъуегъэувэ.

Къэралым и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ органхэм ущылэжьэн папщIэ, IэщIагъэм хэпщIыкIыным нэмыщI, хахуэу, зэдэбунэтIыпхъэр зыхэпщIэу, нэхъыфIыр занщIэу къыпхуэлъагъуу ущытын хуейщ. УФ-м и ФСБ-м и къудамэу КъБР-м щыIэм щылажьэхэм а псори ябгъэдэлъщ.

Ди къэралыр нобэ дзэ-политикэмрэ экономикэмрэ я лъэныкъуэкIэ зыIут гугъуехьыр къывгурыIуэу, фэ ди Хэкур абы и кIуэцIкIи и щIыбкIи къебгъэрыкIуэ бийхэм къывогъэл, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ, коррупцэмрэ щIэпхъаджащIэхэмрэ хахуэу фапэщIэтщ.

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Гурэ псэкIэ фIыщIэ фхузощI фи IэщIагъэм фыхуэпэжу, къалэн къыфтехуэхэр нэгъэсауэ зэрывгъэзащIэм папщIэ. Нэхъ лейуэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ ветеранхэм яхузэфIэкIар. Фэ фызрикIуа гъуэгум щызэвгъэгъуэта Iэзагъыр нобэ дызыщыгугъхэм, дяпэкIи IэнатIэм Iутынухэм къахуэщхьэпэнущ. Шэч къытесхьэркъым УФ-м и ФСБ-м и щIыналъэ къудамэу ди республикэм щыIэр Хэкури абы щыпсэу цIыхубэри ягъэпэжу, дяпэкIи псэемыблэжу зэрытхуэлэжьэнум.

Узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэу, фи Iыхьлыхэм я гуфIэгъуэ флъагъуу фыпсэуну сынывохъуэхъу.

Экономикэ

Сом мелард 77-м нэсынущ

2018 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэм пыщIа Iуэхугъуэхэм яхуиутIыпща мылъкум хуэдитIкIэ хигъэхъуащ икIи дызэрыт илъэсым и кIэхэм ар сом мелард 77-м нэсынущ. Иджыблагъэ екIуэкIа пресс-конференцым ар щыжиIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис.

«2018 ГЪЭМ щегъэжьауэ инвестицэм хэтлъхьэ мылъкум хуэдитIкIэ хэдгъэхъуащ икIи гугъэ щыIэщ илъэсым и кIэм ар сом мелард 77-м нэдгъэсыну. Къыхэзгъэщынщи, абы къыхэхъуэ зэпытщ», - жиIащ министрым.

2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэм игъэкIуа мылъкур сом мелард 63-м зэрынэхьэсащ икIи абы елъытауэ мы гъэм щыIэ бжыгъэхэр процент 22-кIэ нэхъыбэщ.

Рахаев Борис апхуэдэуи къыхигъэщащ республикэм зэман гъунэгъуми нэхъ пIалъэ кIыхьми ятещIыхьауэ зэрызиужьынумрэ экономикэ хэхъуэу иIэнумрэ инвестицэм халъхьэ мылъкум и куэдагъым куэдкIэ зэрелъытар, ар щымыIэу IуэхущIапIэхэр иджырей мардэм къибгъэтIэсэну, оборудованэщIэхэмрэ техникэхэмрэ къэбгъэщIэрэщIэжыну, къэпщэхуну гугъу зэрыхъунур, цIыхухэм я лэжьыгъэ IэнатIэхэр зэрыпхуэмыхъумэнур.

ХЬЭЩОКЪУЭ Едыдж.

Херсон областым доIэпыкъу

Дызэкъуэту

Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэх-щIэхыурэ зэрыхуэзэфIэкIкIэ доIэпыкъу Херсон областым.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, ди республикэм и IэщIагъэлIхэм Тарасовскэм щыIэ «Теремок», Круглоозерскэм и «Золотая рыбка» сабий садхэм иджыпсту щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр къанэ щымыIэу дызэрыт илъэсым зэфIагъэкIынущ.

КъищынэмыщIауэ, Скадовск къалэм и «Колокольчик», «Чебурашка» сабий садхэмрэ Октябрь Революцэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унитIрэ къызыхуэтыншэу зэIузэпэщ ящIащ.

2024 гъэм Херсон областым щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм хухахащ сом мелуан 69-рэ икIи абы и нэхъыбэр нобэкIэ къагъэсэбэпащ икIи мурад щыIэщ дызыхыхьэ илъэсми абы щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм пащэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэту хэкIуэдахэм (дунейм ехыжахэм) я унагъуэхэм щыщхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным адэкIи къыпыщэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №105-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэту хэкIуэдахэм (дунейм ехыжахэм) я унагъуэхэм щыщхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным адэкIи къыпыщэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №105-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, япэ абзацым хэт «2024 гъэхэм» псалъэхэр «, 2024, 2025 гъэхэмрэ» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м
№148-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Никъуэдыкъуэхэм я IуэхухэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м къыдигъэкIа Указ №110-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Никъуэдыкъуэхэм я IуэхухэмкIэ щыIэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Никъуэдыкъуэхэм я IуэхухэмкIэ щыIэ советым хагъэхьэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м къыдигъэкIа Указ №110-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Кожухов К. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Тогузаев Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр *(Советым и унафэщIым и къуэдзэр);*

б) ВэрылI В. З. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Никъуэдыкъуэхэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщI» *(зэгурыIуауэ)*»;

в) Езауэ А. Къ. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр» *(зэгурыIуауэ)*»;

г) Хьэсанэ И. М. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министр» *(зэгурыIуауэ)*»;

д) Черкесовэ Л. И. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» никъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхьэм, и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI» *(зэгурыIуауэ)*»;

е) Советым къыхэгъэкIыжын Архангельский В. Н., Асанов О. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м
№149-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымрэ япыщIа IуэхухэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм щIышылэм и 27-м къыдигъэкIа Указ №7-УГ-мкIэ къащтам, хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымрэ япыщIа IуэхухэмкIэ щыIэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымрэ япыщIа IуэхухэмкIэ щыIэ советым хагъэхьэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм щIышылэм и 27-м къыдигъэкIа Указ №7-УГ-мкIэ ягъэувам, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Кожухов К. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Отаров М. М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*;

б) Советым къыхэгъэкIыжын Архангельский В. Н., Соттаев Къу. С. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м
№150-УГ*

Фэеплъ

ЦІыху лъэужьыфІэт

УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, литературэр зэфІэувэным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа ІэщІагъэлІ щыпкъэ, адыгэ еджагъэшхуэ ХьэкІуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 95-рэ ирокъу.

КРИТИК Іэзэ, литературэдж ІэкІуэлъакІуэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ ХьэкІуащэ Андрей Тэрч щІыналъэм хыхьэ Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къыщалъхуащ. 1948 - 1952 гъэхэм ар щеджащ Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым. Налшык къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей радиом щыІащ. 1953 гъэм ХьэкІуащэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэбэрдей къэрал пединститутым и аспирантурэм икІи 1955 гъэм ар ехъулІэныгъэкІэ къиухащ. Адыгэ литературэм къикІуа гъуэгуанэ купщІафІэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр еш имыІэу зэман кІыхькІэ иригъэкІуэкІащ ХьэкІуащэ Андрей. ЩІэныгъэ дунейм пщІэшхуэ щаІащ а къэхутэныгъэ къызэрымыкІуэхэр еджагъэшхуэм лъабжьэ зыхуищІауэ щыта и кандидат, доктор диссертацэхэм.

1954 гъэм къыщыщІэдзауэ ХьэкІуащэ Андрей щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым, иужькІэ университетым я егъэджакІуэ нэхъыжьу. ПІалъэ зыбжанэкІэ (1961 - 1968, 1974 - 1976 гъгъ.) лэжьащ КъБКъУ-м и филологие факультетым и деканым и къуэдзэу, 1968 - 1973 гъгъ. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доценту, иужькІэ кафедрэм и профессору щытащ. ЖыпІэнурамэ, Андрей и цІэмрэ университетым къикІуа гъуэгуанэмрэ куэдкІэ зэхьэлІащ, республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэфІхэм щІэныгъэлІым и фІыгъэшхуи хэлъщ.

ЩІэблэм щІэныгъэ куу егъэгъуэтыным зэфІэкІыу, къаруурэ иІэр ирихьэлІэу илъэс 60-м щІигъукІэ лэжьа а ІэщІагъэлІ гъуэзэджэм иригъэджа студентхэм я бжыгъэр цІыху мин бжыгъэ мэхъу. Абыхэм къахэкІащ егъэджакІуэ ІэкІуэлъакІуэхэр, журналист Іэзэхэр, щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр, къэхутакІуэ гумызагъэхэр, хэкупсэ нэсхэр. Дапщэщи нэрылъагъут а ІэщІагъэлІ щыпкъэм акъыл куу, гупсысэ шэщІа зэрыбгъэдэлъыр, лъэпкъ щІэныгъэм зиужьынымкІэ абы и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, и ІэнатІэм хуиІэ гудзакъэмрэ и Іуэху зехьэкІэмрэ студент куэдым гъуэгугъэлъагъуэ зэрахуэхъур. Ноби куэдым ящІэж абы и лекцэ купщІафІэхэр, гъэщІэгъуэну ухуахэр, семинар хьэлэмэтхэр. Абыхэм ирихьэлІа дэтхэнэми ХьэкІуащэм и дерсхэм, шэч хэмылъу, къыхахащ акъылыщІэрэ гупсысэщІэрэ. ЕгъэджакІуэ, ущиякІуэ Іэзэм щІэныгъэм хуиІэ творческэ бгъэдыхьэкІэр, гъащІэм зэреплъ щІыкІэр я щапхъэу, студентищэхэр щІэдэІуащ абы и лекцэхэм. ГъэщІэгъуэныращи, зэи къэхъуакъым ХьэкІуащэм студентхэм я пщІэр щриудыха, яхуэмыфащэ щажриІа. Ар щІалэгъуалэм яхэтащ пщІэ яхуищІу, езым хэлъ гъэсэныгъэ дахэр, нэмысыр и нэІэм щІэтхэм зэрызыхалъхьэ-ным хущІэкъуу.

Зэрыегъэджакlуэ Іэзэм хуэдэу икІи критик ІэкІуэлъакІуэт ХьэкІуащэ Андрей. Дэтхэнэ литературэ тхыгъэри нэсу зыхэзыщІэ, ар лъэныкъуэ куэдкІэ зэпкърызыхыф, и купщІэр къэзыхутэф, тхыгъэм и щыщІэныгъэхэри авторым и ехъулІэныгъэхэри зэ еплъыгъуэкІэ наІуэ къэзыщІыф ІэщІагъэлІт ар. Езым и гъащІэм щигъэнэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцІыкІу Алий и гъащІэмрэ и творчествэмрэ епха къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныр, а усакІуэшхуэм теухуауэ цІыхухэр зыщымыгъуазэ, щІэныгъэм щымыгъэбелджыла Іуэхугъуэхэр наІуэ къищІу.

И къэхутэныгъэхэр зэрыт тхылъ куэд, тхыгъэ щхьэхуэхэу щэ бжыгъэхэр и къалэмыпэм къыпыкІащ ХьэкІуащэ Андрей. Апхуэдэхэм ящыщщ «ЩоджэнцІыкІу Алий и творчествэр» (1958), «Япэ адыгэ тхакІуэхэр» (1974), «Адыгэ узэщІакІуэхэр» (1978), «Адыгэ литературэм и тхыдэр» (1984), «Адыгэ усэ ухуэкІэр» (1998), «Псэм и джэрпэджэж. Литературэ-критикэ тхыгъэхэр» (2009), нэгъуэщІхэри. КъинэмыщІауэ, адыгэ литературэр курыт школым зэрыщадж тхылъхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм къыщагъэсэбэп литературэ пособиехэм, программэхэм я нэхъыбапІэр зи акъылрэ зэфІэкІрэ къихьар ХьэкІуащэращ. Хэкупсэ нэсыр жыджэру хэтащ томитхуу зэхэт «Къэбэрдей-Балъкъэрым и зауэ щІыхьыр» тхылъышхуэр зыгъэхьэзырахэм. Ар жыджэру ядэлажьэрт ди республикэм къыщыдэкІ журналхэми газетхэми.

Андрей цІыхугъэ лъагэ, зэхэщІыкІ куу зиІэ, зи гуапагъэр куэдым ялъэІэс цІыхут. «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъу пэжыр, щІэджыкІакІуэ набдзэгубдзаплъэр щІэх-щІэхыурэ къэпсалъэрт редакцэм, чэнджэщ щхьэпэхэр, еплъыкІэ хьэлэмэтхэр къыдихьэлІэу. Сыт хуэдэ ІуэхукІэ ди щхьэ етхьэлІэми, лъэкІымкІэ щІэгъэкъуэн къызэрытхуэхъунум зэрыхуэхьэзырым шэчи къытетхьэртэкъым хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхьа цІыху щыпкъэм.

Зи гупсысэри ІуэхущІафІэхэри щалъхуа адыгэ хэкум, къэралым яфІ къызэрыкІын лэжьыгъэхэр зэфІэхыным, лъэпкъ щІэныгъэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ дунейм тета ХьэкІуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэм и фэеплъыр куэдрэ ди гум илъынущ. Республикэм и тхыдэм лъэужь нэху къыщызыгъэна а еджагъэшхуэм и ужьыр махуэ тхурехъу псоми: и унагъуэм исхэми, къыдэлэжьахэми, и ныбжьэгъухэми, иригъэджа цІыху минхэми.

ТАМБИЙ Линэ.

Тхылъыщlэ

Нарт хъыбархэмрэ адыгэ эпосымрэ

Налшык дэт «Принт Центр» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ дэщІыгъупхъэхэмкІэ гъэщыпкъэжауэ къыщыдэкІыжащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъышхуэр. ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумымрэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и ЩІэныгъэлІхэм я советымрэ я унафэкІэ дунейм къытехьа тхылъ щхьэпэм и бжыгъэр зы мин мэхъу.

«НАРТХЭР. Адыгэ эпос» лэжьыгъэм и япэ тхылъым («Эпосым и ублапІэ лъэхъэнэ. Сосрыкъуэ») елэжьащ щІэныгъэлІ ІэкІуэлъакІуэ гуп, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик Дзэмыхь Къасболэт я пашэу. БакІуу Хъанджэрийрэ БищІо Борисрэ рецензэхэр ятхащ, Гъут Іэдэм и редакцэм щІэта япэ къыдэкІыгъуэр Быхъурэ Мухьэмэд, Гъут Іэдэм, Нало Заур, Табыщ Мурат сымэ ягъэхьэзырри урысыбзэкІэ зэрадзэкІыжащ. ЕтІуанэ къыдэкІыгъуэм ит тхыгъэхэр зэхэзыгъэувар, ахэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІыу еІуэлІапхъэхэр хуэзытхыжар Быхъурэ Мухьэмэд, Гъут Іэдэм, Гъут Лянэ сымэщ.

Тхылъым и пэублэ псалъэм къызэрыщыхэщщи, адыгэ ІуэрыІуатэм щыщу зэхуахьэсыжауэ хъумапІэм щІэлъхэмрэ къытрадзауэ щыІэхэмрэ я нэхъыфІ дыдэхэр къыхащыпыкІащ ар зэхэзыгъэувахэм. Ахэр зэрыщыгугъымкІэ, мыр тхылъ зыбжанэ хъунущ, лІэужьыгъуэкІэрэ зэхэдзауэ, языныкъуэхэм деж зы ІуэрыІуатэ лІэужьыгъуэм щыщхэр зы тхылъым деж къыщымынэу, том зыбжанэ хъууэ.

Эпосымрэ нарт хъыбархэмрэ зэзышалІэм, ахэр зэуІуу, языныкъуэхэм и деж цІыхухэм яфІызэхэгъуащэу, къыщІагъэсэбэпым кІэщІу сыкъытеувыІэнут. «Эпос» псалъэм япэ дыдэу дигу къигъэкІыр нарт хъыбарыжьхэмрэ пшыналъэхэмрэщ. Ахэр езы лъэпкъми лІыхъужь эпосым елэжь щІэныгъэлІхэми адыгэ ІуэрыІуатэм уардэу къыхэщу, лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщ зыуэ къызэралъытэр хэт и дежкІи наІуэщ. Эпосым и хабзэкІэ гъэпса хъыбарыр, пшыналъэр пасэрей дуней еплъыкІэм и лъабжьэ мифологием къыхэшыпсыкІащ, ахэр ІуэрыІуэтэжу зезыхьахэм я фІэщхъуныгъэкІэ гъэщІэрэщІэжащ. Абы кърокІуэ эпосым зи гугъу щащІ къэхъугъэхэр пэжым и пІэу, абы пащІу щытыныр. Ар къэплъытэмэ, гурыІуэгъуэ мэхъур эпосымрэ мифологие сюжетхэмрэ зэхэшыпсыхьауэ куэдрэ къыщІэкІуэм и щхьэусыгъуэр.

ЦІыхубэм и фантазием къыхэкІа нарт лІыхъужьхэм ятеухуа пшыналъэхэмрэ хъыбархэмрэ Кавказым ис лъэпкъ зыбжанэм я ІуэрыІуатэм щыщ пкъыгъуэщ, икІи ахэр шэсыпІэ мэхъур а лъэпкъхэр щэнхабзэрэ гъузджэмрэ зэпащІэу къызэрыгъуэгурыкІуам.

Тхылъым ит тхыгъэхэр егупсысауэ, екІуу зэкІэлъыхьащ, мифыр зэрызекІуэ сюжетхэм екІуалІэхэмкІэ, нарт эпосым нэхъ къегъэщІылІахэмкІэ къегъэжьауэ. Япэ итщ мэжусиитхьэ - «демиургхэм» (нэгъуэщІу жыпІэмэ, ІэщІагъэ гуэрхэм - мафІэм, гъукІэным, къэкІыгъэ зехьэным - я тепщэу къалъытэхэм) ехьэлІахэр. Іуэтэж щхьэхуэхэр гуп зэрогъэхъур е лІыхъужь гуэрым ещІэкІауэ, е лъэхъэнэ хэхам теухуауэ. Языныкъуэхэм деж апхуэдэ Іэрамэм зешэщІыр адэм деж къыщежьэу, къуэм теухуарэ къыпищэу, къуэрылъхум ехьэлІаи къыщыгуэувэж къэхъуу. Абыхэм яужьу къокІуэр мифологие лъабжьэр хьэкъыу щынэрылъагъу образыр зи нэхъыщхьэ лІыхъужь нарт Сосрыкъуэ ехьэлІа хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ. КъыкІэлъыкІуэ тхылъым итыну хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ зэхьэлІауэ щытынур типологиекІэ а лІыхъужьым бгъэдэувэ персонажхэм ятеухуахэрщ.

Тхылъым итщ илъэсищэм щІигъу ипэкІэ ятхыжахэри, иджы дыдэ къаІуэтэжахэри. КъэзыІуэтэжахэр къэбэрдейуи, шапсыгъыуи, бжьэдыгъууи, абазэхэуи, хъулъхугъэуи бзылъхугъэуи, ныбжькІэ жьыуи щІалэуи, щІэныгъэ бгъэдэлъуи емыджауи, хэкурысуи хэхэсуи щытынкІэ хъунущ, я гум ираубыдауэ къэІуэтэж хъыбарыр къыздрахамкІи нэгъуэщІ зыгуэрхэмкІи зэщхьэщыкІыжынущ. ЩІэныгъэм тету ІуэрыІуатэ тхыгъэхэр къытедзэжыным и хабзэ мыкъутэм, зэгуэр ятхауэ щытам зыкІи хэмыІэбэжыным, тетащ мы тхылъыр зыгъэхьэзырахэр. «Дэ ди фІэщ мэхъу ІуэрыІуатэ тектыр зэрыщытым нэхърэ нэхъ дахэ зыми зэрыхуэмыщІынури, пщІыну яужь уихьэныр зэрыщыуагъэшхуэри. Тхылъыр зэхэзылъхьахэм я гуащІэ кърикІуащ эпосым ехьэлІа тхыгъэ Іэрытхыу, фонограммэу, видеотхыгъэу щыІэу зылъэІэс псори къызэщІаугъуаеу, нэхъ щыпкъэ дыдэхэр къыхащыпыкІыныр, ахэр тедзэным хуэгъэхьэзырыныр, еІуэлІапхъэ псори къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІ лъэпкъыу тхылъеджэ нэхъыбэм ди фІыр зыхащІэн щхьэкІэ урысыбзэкІэ зэдзэкІыжауэ адыгэбзэм щІыгъуныр, псалъэ хэха гуэрхэм я мыхьэнэмрэ къэкІуэкІэхэмрэ гъэнэхуэныр. <...> Къызэрытлъытэмкlэ, эпосыр ІукІэ зезыхьа лъэпкъым нэхърэ зы щІэныгъэлІи нэхъ Іэзэкъым, ауэ щыхъукІэ, дэ ди къалэныр лъэпкъым ихъумар зэрыхуэхъума дыдэм хуэдэу и пащхьэ итлъхьэжынырщ», - щатх пэублэ псалъэм тхылъыр зыгъэхьэзырахэм.

Тхылъыр хуэгъэпсащ филологием, тхыдэм елэжь къэхутакІуэхэм, гуманитар щІэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну зи мурад еджакІуэхэм, Урысейм ис лъэпкъхэм я ІуэрыІуатэм, тхыдэм, литературэм дихьэх дэтхэнэ зыми.

ИСТЭПАН Залинэ.

Зи къалэным хуэпэжщ Беслъэн

Дыгъэгъазэм и 27-м къэралым щагъэлъапІэ КъегъэлакІуэм и махуэр. Абы теухуа Іуэху гуапэхэр щрагъэкІуэкІ Урысейм и МЧС-м и управленэу КъБР-м щыІэм, я лэжьакІуэхэр, ветеранхэр ягъэгушхуэу.

ИПЭЖЫПІЭКІЭ, къегъэлакІуэр ІэщІагъэ къудейкъым, ар псэм щыщу, а лэжьыгъэ мытыншым укъыхуигъэщІауэ щытын хуейщ. Апхуэдэ ІэщІагъэм тегушхуэхэр гъащІэм ипсыхьа, лІыгъэ зыхэлъ, шынагъуэм ерыщу пэщІэувэф цІыхухэрщ. Зи гугъу фхуэтщІынур Урысей МЧС-м и Управленэу республикэм щыІэм и лэжьакІуэ пэрытхэм ящыщ, мафІэс-къегъэлакІуэ частым мафІэсыр гъэункІыфІыным хуэщІа и машинэхэр зегъэкІуэнымкІэ и инструктор нэхъыжь ШэджыхьэщІэ Беслъэнщ.

Псынабэ къуажэм щыщ щІалэм 2001 гъэм Мэзкуу къыщиухащ гуманитар институтыр. Урысейм и МЧС-м и ІэнатІэм 2009 гъэ лъандэрэ щолажьэ.

Хъыбар къызэрыІэрыхьэу, ШэджыхьэщІэм плъыр къэрэгъулыр негъэс мафІэс къыщыхъуа щыпІэм. Абы куэдкІэ елъытащ гупыр псынщІэу къызэщІэІэтэныр. Аращ жэуап зыхьыр мафІэсгъэункІыфІхэр щыпІэм икІэщІыпІэкІэ нэгъэсынымкІэ, сыт и лъэныкъуэкІи лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ. И ІэщІагъэм зэрыхуэІэижьым и фІыщІэкІэ ар зэрылажьэрэ зы аварие къигъэхъуакъым. Плъыр къэрэгъулым псынщІэу мафІэсхэм гулъытэ хуещІ. ИпэжыпІэкІэ, абы и лэжьыгъэм къегъэув къарууфІэу щытыным и мызакъуэу, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм псынщІэу къызэрикІын Іэмалхэри къэгъуэтыфыныр.

2022 гъэм ШэджыхьэщІэр Белгород областым ягъэкІуауэ щытащ. И лэжьэгъухэм ящІыгъуу ар мызэ-мытІэу хэтащ мафІэсхэр гъэункІыфІыным.

- Бийм топышэхэр къиутІыпщынкІэ зэрыхъунум щхьэкІи къэдмыгъанэжу дэ дыкІуащ мафІэсхэр дгъэункІыфІын папщІэ, - игу къегъэкІыж Беслъэн.

Абы лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэ лъагэхэм унэсыфын папщІэ гугъуехьхэм ерыщу упэщІэтыфу, ІэщІагъэм фІыуэ хэпщІыкІыу, гупым удекІуэкІыфу щытын хуейщ. ШэджыхьэщІэм фІыуэ хещІыкІ мафІэсгъэункІыфІ техникэм. Ар къыдэлажьэхэм къызэрацІыхур фІы и лъэныкъуэкІэщ, жэуаплыныгъэ, хабзэрэ цІыхугъэрэ зыхэлъщи.

ШэджыхьэщІэ Беслъэн унагъуэ дахэщ. И щхьэгъусэ Ренатэрэ абырэ зэдапІ сабиищ: Имран, СулътІан, Ирианэ. И къуэхэм я мурадщ и адэм и лъагъуэм ирикІуэну. И бынхэм щапхъэ яхуэхъу Беслъэн гъащІэ узыншэм и телъхьэщ, зэман щиІэм футбол джэгуну фІэфІщ.

Къыхэдгъэщынщи, и къалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащІэм папщІэ абы дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ.

Ди гуапэщ дэтхэнэри фІыгъуэкІэ зыпэплъэ, къедгъэблагъэ илъэсыщІэм Беслъэн ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэну, зыхуэпабгъэ и гурылъхэр къехъулІэну, и лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ игъуэтыну.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинэщ.

Къуажэхэм зрагъэужь

Къуажэхэм псэупІэ щаухуэн, къыщащэхун е щыІэр зэІузэпэщ иращІын папщІэ худэчых зыхэт ипотекэ кредиту ятхэм я процент ставкэр субсидие щІыным ехьэлІауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирегъэкІуэкІ икІи а Іуэхугъуэм трагъэкІуэдэну сом меларди 4,8-рэ бюджетым иджыри мы гъэм къыхэкІынущ.

НЭГЪУЭЩІУ жыпІэмэ, худэчых зыхэт ипотекэ кредиткІэ къащэхуа псэупІэхэм я уасэу зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуам щІигъур банкым е ухуэныгъэр езыгъэкІуэкІ ІуэхущІапІэм къэралым иретыж. Унафэм иджыблагъэ Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил.

Сом меларди 4,8-м щыщу меларди 4,7-мкІэ худэчых зыхэт ипотекэ кредитхэр, ставкэр проценти 3-м нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу, ятыным пащэжынущ. Абы и фІыгъэкІэ, ипэкІэ ята кредит мини 140-м щІигъум я процент ставкэхэр 2024 гъэм субсидие ящІынущ.

«Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ къуажэ щІыпІэхэм унэ къыщызыщэхуа е щызыухуа ди цІыхухэм, сабий зиІэ унагъуэхэм я дежкІэ», - щыжиІащ Мишустин Михаил Правительствэм и вице-премьерхэм дыгъэгъазэм и 2-м ядригъэкІуэкІа зэІущІэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, худэчых зыхэт ипотекэ кредитхэр 2020 гъэм ятын щІадзащ. Абы Іэмал къует къуажэм унэ щыбухуэну, къатитхум нэхърэ мынэхъыбэу зэтет унэм фэтэр щызыІэрыбгъэхьэну е унэ хьэзыр къэпщэхуну.

Сом мелуан 81,7-р хухахынущ нэхъ пасэу яхуа унэр зэІузэпэщ щІыным щхьэкІэ худэчых зыхэт ипотекэ кредитхэр, проценти 5-м нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу, субсидие щІыным. АбыкІэ цІыхухэм я унэм уэздыгъэр, псыр, газыр щІашэ, бжьамийхэр, инженер коммуникацэхэр ирашалІэ, унащхьэхэр ирахъуэж, н.къ. иращІэ хъунущ. А программэри 2020 гъэм щегъэжьауэ мэлажьэ.

Худэчых зыхэт мы ипотекэ кредитым щхьэкІэ УФ-м и Правительствэм сом меларди 6,8-рэ мы гъэм жэпуэгъуэм бюджетым къыхигъэкІащ.

Къуажэ щІыпІэхэм щхьэкІэ ят худэчых зыхэт ипотекэ кредитыр субсидие щІыныр «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьын» къэрал программэм хохьэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Едыдж.

Дзэ Іуэху хэхам хэтахэм я тыншыпІэ къызэрагъэпэщ

«Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэр УФ-м щыпэрытхэм яхэтщ дзэ Іуэху хэхам ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм я тыншыпІэ щыпсэу унэхэм къащыхузэгъэпэщынымкІэ, зыхуейзыхуэфІхэмкІэ ядэІэпыкъунымкІэ.

ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащІ дэІэпыкъуэгъуншэу пэш кІуэцІхэм къыщызымыкІуфхэм, щымыІэбэфхэм. Мы Іуэхум ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ фондым и ІэщІагъэлІхэм икІи дзэ Іуэху хахам и ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэ хъуахэм сыт и лъэныкъуэкІи зыщІагъакъуэ. Зэраубзыхуам ипкъ иткІэ псори зэхэту Іуэхугъуэ 83-кІэ абыхэм ядэІэпыкъунущ.

Ветеранхэм я узыншагъэр зыхуэдэм елъытауэ пщэфІапІэхэр къыхузэрагъэпэщ я щхьэ Іуэху дэІэпыкъуэгъуншэу езыхэм дагъэкІыжыфын хуэдэу. Абыхэм хуэщІа унэлъащІэхэр: шэнтхэр, стІолхэр, хьэкъущыкъу, н.къ. зыдалъхьэхэр щІагъэувэ. Иджырей технологием хыхьэу «унэ губзыгъэ» системэхэри къагъэсэбэп. Псалъэм папщІэ, абы и фІыгъэкІэ цІыхур и пІэм имыкІыу унэ кІуэцІым техникэу щІэту хъуар зы пульткІэ хуэгъэлэжьэнущ икІи къыхуэгъэсэбэпынущ.

Абы нэмыщІ, фондым унэ щІыхьэпІэм деж дэкІуеипІэ щхьэхуэхэр, бжэхэр къахузэригъэпэщынущ. ЦІыхум и узыншагъэм елъытауэ абы хуэщІа гъуэлъыпІэхэр, хьэпшып дэлъхьэпІэхэр ягъэувынущ, зыгъэпскІыпІэхэм шэнт щхьэхуэхэмрэ хьэлъэ къэзыІэт ІэмэпсымэхэмрэщІагъэувэнущ.

Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм хуащІ апхуэдэ гулъытэм и фІыгъэкІэ абыхэм тыншыпІэ зэрагъуэтынум, я псэукІэри зэрефІэкІуэнум шэч хэлъкъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэкум и хъумакІуэм и илъэс

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэрал Советым и зэІущІэм щыжиІащ 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсу зэрыщытынур. Апхуэдэу къэрал УнафэщІым ягу къигъэкІыжащ дызытехьэ илъэсым Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къызэрыщахьрэ илъэс 80 зэрырикъур зэрагъэлъэпІэнур.

«АБЫ ипкъ иткІэ, 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэхэм я илъэсу дгъэувыну къыхызолъхьэ, нобэ екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэт ди лІыхъужьхэм я щІыхьыр икІи тхыдэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм щІыналъэм и щхьэхуитыныгъэм щІэзэуа ди нэхъыжьхэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я фэеплъыр дгъэлъапІэу», - жиІащ къэрал УнафэщІым.

Путин Владимир и унафэкІэ 2008 гъэ лъандэрэ илъэсыщІэр жылагъуэм гулъытэ зыхурагъэщІыну Іуэхугъуэхэм траухуэу къокІуэкІ. Къапщтэмэ, 2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу ирагъэкІуэкІащ, мы гъэми, ар мыхьэнэшхуэ зэтыпхъэ Іуэхуу зэрыщытым къыхэкІыу, абы къытрагъэзэжащ. КъыкІэлъыкІуэхэр щІалэгъуалэм, егъэджакІуэм, тхыдэм, щэнхабзэм, кином, экологием, щІэныгъэмрэ техникэмрэ зегъэужьыным, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэиным, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ екІуэкІащ.

Зыхъумэжыныгъэм гулъытэ хуащІынущ

США-м и президентым лъэпкъ шынагъуэншагъэмкІэ и чэнджэщэгъу Салливан Джейк жиІащ къэралым и дзэ-промышленнэ комплексыр зыхуей хуэзэу зэфІэгъэувэжыным иджыри зэманышхуэ зэрытекІуэдэнур.

«СЭ мы къулыкъум сыщыпэрыхьам гу лъыстащ США-м и зыхъумэжыныгъэ-промышленнэ ІэнатІэр хъарзынэу къызэрытІэсхъам. Дэ къыщІэдгъэкІакъым Іэщэ лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр, псыщІагърыкІуэ, дзэ Іуэхум хуэщІа кхъухьхэр, ди къарур зэрыщІэдгъэбыдэну технологиехэр зэхэдгъэувакъым. Іуэхур егъэфІэкІуэжыным гугъуехь куэд пыщІауэ къыщІэкІащ. Иужьрей илъэсиплІым абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр едгъэкІуэкІащ, ауэ лъабжьэр дгъэбыдэжыным иджыри зэман куэд текІуэдэнущ», - щыжиІащ абы CNN International телеканалым и нэтыным.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ Трамп Дональд и администрацэм правительствэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымрэ бюрократием пэщІэтынымкІэ къыщызэрагъэпэщыну ІэнатІэщІэм и унафэщІу ягъэувыну хьэрычэтыщІэ Маск Илонрэ Рамасвами Вивекрэ къэралым зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуащІыпхъэр.

Дыгъэгъазэм и 24, гъубж

♦Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ

♦**1839 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэ куэд къытрезыгъэдза **Бэрзэдж Зекипэщэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхъулІэ Мартин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **Къэзанш Хьэлимэт**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Лъхукъуэщауэ Хьэбас**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыфІ» цІэ лъапІэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **КІэхумахуэ ФатІимэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 25, бэрэжьей

♦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Байсултанов Алим**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБАССР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Балэ Мухьэдин**.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Кубаным щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бжьахъуэ Чэрим**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, литературэдж, критик, щІэныгъэлІ **Сокъур Мусэрбий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, журналист, «Ленин гъуэгу» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Щхьэумэжь БетІал**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Совет Союзым и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Дэгужий Виталий**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **КІэщт Мухьэз**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм 1 градус, жэщым градус 0 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэж и фэгъу и гуэгъущ.

Ислъамым и нур

Пlаlанэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**

Муслъымэн махуэгъэпс-2025

Хьиджрэмкlэ илъэсыщlэм и япэ мазэу къалъытэр Мухьэррэмырщ. 2024 гъэм ар зыхуэзар бадзэуэгъуэм и 7-рщи, иджыпсту Хьиджрэмкlэ 1446 гъэм дитщ. Щlышылэм и 1-м Рэджэб мазэ лъапlэм щlедзэ, абы Шэхьбаныр къыкlэлъыкlуэнущ. Рэмэдан мазэр а тlум я ужьым итщ.

Рэджэб: щlышылэм и 1 - 30;
Шэхьбан: щlышылэм и 31 - мазаем и 28;
Рэмэдан: гъатхэпэм и 1 - гъатхэпэм и 29.

Илъэсым и жэщ-махуэ лъапlэхэр:

Рэгъаиб жэщ: щlышылэм и 2-3;
Михьрадж: щlышылэм и 26-27;
Бэраlэт жэщ: мазаем и 13-14;
Нэщlихьэ: гъатхэпэм и 1;
Къэдэр жэщ: гъатхэпэм и 26-27;
Нэщlикlыж: гъатхэпэм и 30;
Арафат махуэр: мэкъуауэгъуэм и 5;
Къурмэн: мэкъуауэгъуэм и 6;
Іэшрыl: бадзэуэгъуэм и 5;
Мулид жэщ-махуэ: фокlадэм и 3-4.

Лэкъумэн лъапlэм и ущиехэр

Шэджэм Етlуанэм и Іимам Хъуэкlуэн Арсен и хъутlбэхэм я зыр теухуат Къурlэным сурэ псо зыхухаха Лэкъумэн щэджащэм. Іущыгъэм и дамыгъэ хъуа а цlыхушхуэр нэхъ лейуэ къыщlыхагъэща щхьэусыгъуэм деж къыщыщlидзат Іимамым и псалъэр. Абы и хъыбарым зедгъэубгъу щlыкlэу, нобэрей къыдэкlыгъуэр зэрыщыту а лlы махуэм тедухуащ.

Хэт хъуну Лэкъумэн?

«АФРИКЭМ и курыкупсэм зы щlалэ цlыкlу къыщалъхуауэ щытащ. Езыр фlыцlабзэу, и пэр тепlытlауэ, и щхьэцхэр утlэрэзауэ, и лъэгухэр пlащlабзэу. Хэт ищlэнт а щlалэ цlыкlум Алыхьыр фlыгъуэкlэ къыхуэупсэу, «хьикмэт», Іущыгъэ къыбгъэдилъхьэну, и цlэкlэ сурэ псо кърigъэхыну, фlыуэ илъэгъуа и пщылlхэр Къемэт Махуэр къэсыху къеджэн хуэдэу?! Ар хэт жыпlэу ущlэупщlэмэ, Лэкъумэн Хьэким е Лэкъумэн Іущ жыхуаlэращ. Нобэ дытепсэлъыхьынщ а сурэм хэт Іэятхэм.

Лэкъумэн и къуэпсыр Алыхьым и нэфl зыщыхуа Ибрэхьим лъапlэм и лъэпкъ жыгым, абы и адэ Іэзэр деж йокlуэлlэж. Къурlэн лъапlэм абы теухуауэ жеlэ: «Дэ Лэкъумэн Іущыгъэ бгъэдэтлъхьауэ щытащ нэхъапэм. Ар бгъэдэтлъхьэри, «Алыхьым фlыщlэ хуэщl» жетlащ. Хэт Алыхьым фlыщlэ хуищlми, апхуэдэу щlищlэжыр и щхьэрщ. Фlыщlэ ищlыну хэт и щхьэ иримыпэсу щытми, Алыхьыр абы и фlыщlэм хуэныкъуэкъым».

Лэкъумэн куэдрэ псэуащ икlи илъэс куэдкlэ пщылlыпlэм итащ. «Сэ гъащlэшхуэ къэзгъэщlащ, бегъымбар куэдым срalуэхутхьэбзэщlащ. Абыхэм жаlахэм ящыщу нэхъыбэу зыхэслъхьахэр мыхэращ», - жиlэри, чэнджэщий захригъэхауэ щытащ цlыхухэм Лэкъумэн. Абыхэм ящыщщ:

- Нэмэзым утету щытмэ, уи гур хъумэ.

- Ущышхэкlэ, уи кlуэцlым ехым кlэлъыплъ.

- Нэгъуэщlым и унэ ущlэсу щытмэ, уи нэхэм къыумыгъэжыхь.

- Цlыхум уащыхэтым и деж, уи бзэгум кlэлъыплъ.

А плlым уакъыфlэкlмэ, «мы тlур уигу игъэлъ, мыдрей тlур зыщыгъэгъупщэ» зыхужиlа чэнджэщхэу Лэкъумэн къызэринэкlахэри тхыдэм щыцlэрыlуэщ. Зэи зыщумыгъэгъупщэну Іуэхугъуитlыр Алыхьымрэ лlэныгъэмрэщ. Зыщыгъэгъупщэн хуеитlыр: цlыхухэм фlыуэ яхуэпщlамрэ езыхэм Іейуэ къуащlамрэ.

Лэкъумэн езыр бегъымбару щытакъым. Ауэ акъылышхуэ бгъэдэлъу, езыр жьэнахуэу, сытым дежи пэжым тету апхуэдэт. Ар икlи и Іуэху пэрытыкlэт. И гупсысэкlи пэжым зэрытемыкlым, Алыхьыр фlыуэ зэрилъагъумрэ зэрыхуэжыlэщlэмрэ къыхэкlыу, Іущыгъэкlэ къыхуэупсауэ щытащ. Іимам Гъэзалий жеlэ: «Цlыхум мы дунейм щlэныгъэу щызекlуэр къищlауэ, ауэ къэзыгъэщlа Алыхьыр къимыцlыхуауэ щытмэ, апхуэдэм щхьэкlэ ар цlыху Іущщ, губзыгъэщ жыпlэну хуэфащэкъым».

Іущыгъэр къыздикlыр

ЩlЭНЫГЪЭЛlХЭМ зэрыжаlэмкlэ, Іущыгъэр уэ езым зыхэплъхьэжыфын гуэру щыткъым, Алыхьыр зыхуэупсэм ириту фlэкlа. Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэхэми къыхощ ар: «Сэ Къурlэнымрэ абы хуэдэ гуэррэ къызатащ». Тхылъ лъапlэми ардыдэр Алыхьталэм щыжеlэ: «Алыхьым и Лlыкlуэм цlыхухэр Къурlэным къыхуреджэ икlи Іущыгъэм хуеузэщl».

Аращи, Іущыгъэр Алыхьталэм къыббгъэдимылъхьэмэ, уэ езым зыхэплъхьэжыфыну щыт Іуэхугъуэкъым. «Абы зыхуейм Іущыгъэр бгъэделъхьэ, Іущыгъэр зратам фlыгъуэшхуэ къылъысащ», - жеlэ Къурlэным. Цlыхум и Іэпкълъэпкъыр зыгуэр ишхынымрэ ирифынымрэ зэрыхуэныкъуэм хуэдэ дыдэу, игури и акъылри щlэныгъэмрэ Іущыгъэмрэ хуэныкъуэу къигъэщlащ. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Алий жиlэрейт: «Мы фигухэм зевгъэгъэпсэху, щlэныгъэ гуэррэ Іущыгъэ гуэррэ къахуэвгъуэт, сыту жыпlэмэ, Іэпкълъэпкъыр зэрешым хуэдэ дыдэу, гури йозэш. Гум зезыгъэгъэпсэхур Іущыгъэрщ».

Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхами жиlауэ къаlуэтэжхэм ящыщщ: «Хэт и гум мы дунеягъэр кърихыу щытми (абы зыдримыгъэхьэхмэ) Алыхьталэм абы Іущыгъэ кърилъхьэнщ, абы иужькlэ а Іущыгъэр и бзэм къыпилъхьэнщ, мы дунеижьым и дагъуэхэмрэ и мыхъумыщlагъэхэмрэ и нэкlэ илъагъуу ищlынщ, езым и щыщlэныгъэхэри зыхригъэщlэжынщ. Фи къуэш гуэрым мы дунейм и щlыб хуигъэзауэ флъагъумэ, абы гъунэгъу зыхуэфщl, сыту жыпlэмэ, апхуэдэ цlыхум Іущыгъэ къыбгъэдэкlыу зэхэфхынущ».

«Дэнэ Іущыгъэр къыщыкlыр, дэнэ ар щыхасэр», - жаlэри, Хьисэ лъапlэм и щэхьабэхэр къеупщlат зэгуэрым. Езыр упщlэм упщlэкlэ пэджэжащ: «Жылэр дэнэ щыхэфсэр?» «Щlыращ», - жаlащ. «Іущыгъэри апхуэдэ дыдэу Алыхьталэм цlыхум и гум къыхисэу аращ».

Лэкъумэн Хьэким Іущыгъэр къызэрыбгъэдалъхьа щlыкlэм и гугъу пщlымэ, махуэ гуэрым ар жейуэ щылъу, пщlыхьэпlэ елъагъу, зыгуэрым мыпхуэдэу къыжриlэ хуэдэу: «Алыхьталэм мы щlым и тепщэ уищlынущ: цlыхухэм я Іуэхур зэхэбгъэкlыу, пэжым къыхуебджэу. Арати, Лэкъумэн а макъым жэуап иритащ: «Алыхьталэм сыхэдэну хуит сищlмэ, зыщхьэщысхыныр нэхъ къызощтэ. Ауэ Алыхьталэм ар и унафэмэ, додаlуэ икlи дыхуэжыlэщlэщ. Ар си пщэ къыдилъхьэмэ, си закъуэу сыкъызэримыгъэнэнури сызэримыгъэгъуэщэнури сощlэ». Ар мелыlычхэм щызэхахым, ягъэщlэгъуащ. «Сыт апхуэдэу щlыжыпlэр?» - жаlэри еупщlати, къажриlэжащ: «Пэжымрэ захуэмрэ зэхигъэкlыну зи пщэ далъхьахэм ящыщу къелар мащlэ дыдэщ. Я нэхъыбэр щыуащ, дэхуэхащ икlи жэнэт гъуэгур яфlэкlуэдащ». Ари ягъэщlэгъуащ мелыlычхэм, абы иужькlэ апхуэдэ дыдэу жейуэ щылъу, хьикмэтыр и гум къралъхьащ. Алыхьталэр фlыуэ зэрилъагъур, абы пщlэ хуищlу, абыкlэ фlэщхъуныгъэ нэс зэриlэм къыхэкlыу, Іущыгъэм хуэдэ фlыгъуэкlэ къыхуэупсащ.

Іущыгъэм хэкlыжам и хъыбар

ХЬЭРЫПХЭМ ящlэрт бегъымбар къызэрыкlуэнур. А лъэпкъым щыщхэр жьэрыlэзэу апхуэдэхэт, жьакlуэхэм нэхъ къахэщри Іумэй ибн Іэби Щилътэ жыхуаlэрат. Я лъэпкъым бегъымбар къызэрыхэкlынур зэхиха нэужь, Іумэй ар зыхуигъэфэщэжу, хущlэкъун щlидзат, дахэу зэрыпсэлъэфыр, цlыхухэр къызэрыдихьэхыфыр и напщlэм телъу. Арщхьэкlэ Лэкъумэн ещхьу жейуэ щылъу, абыи пщlыхьэпlэ илъэгъуащ. И жьэм деж бзу цlыкlу къытетlысхьэри, зыгуэр къыжьэдилъхьа хуэдэу. Абы иужькlэ Іумэй къэушри, а и жьакlуагъри, и губзыгъагъэри, бгъэдэлъа псори Алыхьым щхьэщихыжауэ щытащ, зыри имыщlэжу къэтэджыжащ. Щхьэусыгъуэр сыт жыпlэмэ, ар Алыхьталэм зэрыщымыгугъам, Абы пщlэ зэрыхуимыщlам, фlэщхъуныгъэ зэрыбгъэдэмылъам щхьэкlэ тезыр къытрилъхьауэ арат.

Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэхэм ящыщщ: «Іэлхьэмдулиллахь» жыпlэныр фlыщlэ щlыным я щхьэ дыдэщ. Хэт Алыхьталэм шыкур хуимыщlми, фlыщlэ хуимыщlауэ аращ». Іущыгъэу щыlэм я щхьэри Алыхьым фlыщlэ хуэщlыныр щ, япэрауэ. Абы иужькlэ Алыхьым ущышынэныр, уфlэлlыкlыу ущытыныр, адэкlэ къалэн къыпщищlахэр бгъэзащlэу, жыlэщlэ ухуэхъуныр. Арaщ а псор зыхэлъа Лэкъумэни и Іущыгъэр къызэрилэжьар.

Іущыгъэр зыгуэркlэ бегъымбарыгъэми пхуегъэпщэнущ. «Сэ бегъымбар сыхъуну сыхуейщ», - жыпlэкlэ бегъымбар узэрымыхъуфыным хуэдэ дыдэу, «Сэ цlыху Іущ сыхъуну сыхуейщ» жыпlэкlи, ухъуфынукъым. Алыхьталэм зыхуейм бегъымбарыгъэ зэрыбгъэдилъхьэм хуэдэ дыдэу, зыхуейм Іущыгъэ бгъэдилъхьэу арaщ».

Си Іуэху зыхэмылъым сыхэlэбакъым

Зэгуэрым Лэкъумэн цlыхухэр къепщlауэ зэхэтт. Ар журт гуэрым къилъагъури ябгъэдыхьащ. «Сыт мыбдеж къыщыхъуар?» - жиlэу щыщlэупщlэм, «Лэкъумэн едаlуэу арaщ» къыжраlащ. Езыри кlуэцlрыкlщ, цlыхухэм яхыхьэри, Лэкъумэн нэхъ пасэм илъэгъуауэ зэрыщытар къищlэжри къицlыхужащ. «Уа Лэкъумэн! Уэракъэ мыпхуэдэ зэманым, мыпхуэдэ щlыпlэм, мыпхуэдэм и мэлхэр зыгъэхъу и пщылlу щытар?» - жиlэри еупщlащ. «Сэращ», - къритащ жэуап. «Нтlэ, дауэ мыпхуэдэ увыпlэм уззрыхьсар?» - къритащ жэуап. «Сыщыпсалъэкlэ пэж фlэкlа жыслакъым. Дзыхь къысхуащlам сепцlыжакъым. Си Іуэху зыхэмылъым зэи сыхэlэбакъым».

Пцlымрэ пэжымрэ

Лэкъумэн нэхърэ нэхъ пщылl Іэсэрэ жыlэщlэрэ иlэтэкъым ар зейм. Зэгуэрым унафэщlым Лэкъумэн адрей пщылlхэм я гъусэу хадэм пхъэщхьэмыщхьэ къиихьыну игъэкlуащ. Псоми я Іыхьэр яlыгъыу къыщагъэзэжым, кърахьэжьа пхъэщхьэмыщхьэхэр яlэщlэшхыхьащ. Лэкъумэн пцlы тралъхьэри, псори абы ишха хуэдэу унафэщlым жраlащ. Ар зи жагъуэ хъуа Лэкъумэн унафэщlым чэнджэщ иритащ псори псы пщтыр иригъэфэну. Унафэщlыр арэзы хъури, пщылl псори псы пщтыр иригъэфащ, арати, псоми яшха пхъэщхьэмыщхьэхэр къажьыжащ, Лэкъумэн нэмыщl. Апхуэдэу унафэщlым Лэкъумэн зэрыцlыху пэжыр къищlащ, дзыхь зыхуэпщl мыхъуну и пщылlхэри къицlыхуащ.

Іэфlымрэ дыджымрэ

ЗЭГУЭРЫМ Лэкъумэн зей тхьэмадэм унафэ къыхуищlащ мэл иукlыу, абы нэхъ Іэфl дыдэу хэлъ Іыхьитlыр хуихьыну. Лэкъумэн унафэщlым бзэгумрэ гумрэ хуихьащ, мы тlум нэхърэ нэхъ Іэфl щыlэкъым жиlэри. Етlуанэ гъуэгу унафэщlым мэлылым нэхъ дыджу хэлъ Іыхьитlыр къыхуихьыну унафэ къыхуищlащ. Лэкъумэн аргуэрым бзэгумрэ гумрэ хуихьащ. «Дауэ а Іыхьэ дыдэхэр нэхъ Іэфlу икlи нэхъ дыджу къызэрыщlэкlынкlи хъунур?» - игъэщlагъуэу щlэупщlащ тхьэмадэр. «А тlур фlымэ, абыхэм нэхърэ нэхъыфl щыlэкъым. А тlур дыджмэ, нэхъ Іеи бгъуэтынукъым», - иритащ жэуап Лэкъумэн.

Чэнджэщыфlхэр

- ТХЬЭШЫНАГЪЭ зэвгъэкlуэкl [хьэпшыпым и пlэкlэ], итlанэ зэи фыхилъэфэнукъым. Фымыщэlауи хэхъуэ фиlэнущ.

- Дыуэщlхэм фыкlуэ, лlэныгъэр фщыгъупщэнкъым.

- Нысашэ кlуэнкlэ фымыерыщ, дунеягъэм фимытхьэкъун щхьэкlэ.

- Пщэдджыжьым адакъэр Іуэуэ зэхэфхмэ, фыкъэтэдж, абы нэхърэ нэхъ хуэмыхуу фыщымыт.

- Тобэр пщэдейм фымыгъэlэпхъуэ, лlэныгъэр къыфкlэлъысмэ, зэман къыфхуэнэжынукъым.

- Щlэныгъэлl зэхуэсхэм фыкlуэ, цlыху Іущхэм федэlуэн Іэмалыр зыlэщlэвмыгъэкl, сыту жыпlэмэ, Іущыгъэм и нурым гум псэ къыхелъхьэж, щlы гъущlар уэшхым къызэригъэпсэужым хуэдэу.

- Зэвгъэщlар хьэлу зыхэвмылъхьауэ, нэгъуэщl къэфщlэным фыхущlэмыкъу.

- Дунеягъэр цlыху куэд зыщlилъэфа хыщ. Фыкъелыну фыхуеймэ, тхьэшынагъэ зыхэфлъхьэ.

- Алыхьыр ягу къагъэкlыжыну цlыхухэр зэхуэсауэ флъагъумэ, фабгъэдэмыкlыж, фахыхьэ, Алыхьышхуэм и нэфlым щыщу фэри фи Іыхьэр къыфлъысын папщlэ. Алыхьыр зыщыгъупща гупым фахэмыхьэ, армыхъумэ фи щlэныгъэншагъэр бэгъуэнщи, фигухэр быдэ хъунщ, а цlыхухэм нэлатыр къатехуэмэ, фэри абы фыlэщlэкlынукъым.

- Фи ерыскъыр Алыхьым фlэлlыкlхэм фlэкlа яlуремыхуэ. Іуэху къыдэфхамэ, дин щlэныгъэлlхэм фечэнджэщ. «Ялыхь, къысхуэгъэгъу», - псалъэхэм фи бзэгухэр евгъасэ.

- Мы дунейм хьэлъэу къыщезмылъэфэкlа къэнакъым, гъущlи мыви яхэтуи, гъунэгъу Іейм нэхърэ нэхъ шэчыгъуей срихьэлlакъым. Мы дунейм и дыджым щыщу сlумыхуа къэнакъыми, факъырагъым нэхърэ нэхъ егъэхыгъуей зыхэсщlакъым.

- Іущыгъэм тхьэмыщкlэр пащтыхьым ябгъурегъэтlысхьэ.

- Уи гур гъэущамэ, щlыхухэм пщlэ зыхуебгъэщlын щхьэкlэ Алыхьым ущышынэу фэ зытумыгъауэ.

Щlышылэм и нэмэз щlыгъуэхэр

● Фи лъэlукlэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщlыкlыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	06.08	07.38	12.20	14.31	16.42	18.22
2, махуэку	06.08	07.38	12.20	14.32	16.44	18.24
3, мэрем	06.08	07.38	12.20	14.32	16.45	18.25
4, щэбэт	06.08	07.38	12.21	14.33	16.46	18.26
5, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.21	14.34	16.47	18.27
6, блыщхьэ	06.08	07.38	12.22	14.35	16.48	18.28
7, гъубж	06.08	07.38	12.22	14.36	16.49	18.29
8, бэрэжьей	06.08	07.38	12.23	14.37	16.50	18.30
9, махуэку	06.07	07.37	12.23	14.38	16.51	18.31
10, мэрем	06.07	07.37	12.24	14.39	16.52	18.32
11, щэбэт	06.07	07.37	12.24	14.40	16.53	18.33
12, тхьэмахуэ	06.06	07.36	12.24	14.41	16.54	18.34
13, блыщхьэ	06.06	07.36	12.25	14.42	16.56	18.36
14, гъубж	06.06	07.36	12.25	14.43	16.57	18.37
15, бэрэжьей	06.05	07.35	12.25	14.44	16.58	18.38
16, махуэку	06.05	07.35	12.26	14.45	16.59	18.39
17, мэрем	06.04	07.34	12.26	14.46	17.00	18.40
18, щэбэт	06.03	07.33	12.26	14.47	17.02	18.42
19, тхьэмахуэ	06.03	07.33	12.26	14.48	17.02	18.42
20, блыщхьэ	06.02	07.32	12.27	14.49	17.04	18.44
21, гъубж	06.01	07.31	12.27	14.50	17.06	18.46
22, бэрэжьей	06.01	07.31	12.28	14.52	17.07	18.47
23, махуэку	06.00	07.30	12.28	14.53	17.08	18.48
24, мэрем	05.59	07.29	12.28	14.54	17.09	18.49
25, щэбэт	05.58	07.28	12.28	14.55	17.11	18.51
26, тхьэмахуэ	05.57	07.27	12.29	14.56	17.12	18.52
27, блыщхьэ	05.57	07.27	12.29	14.57	17.13	18.53
28, гъубж	05.56	07.26	12.29	14.58	17.15	18.55
29, бэрэжьей	05.55	07.25	12.29	14.59	17.16	18.56
30, махуэку	05.54	07.24	12.29	15.01	17.17	18.57
31, мэрем	05.53	07.23	12.29	15.02	17.19	18.59

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущlапlэм къыдитащ.

Усаклуэ цlэрыlуэм и щlыхькlэ

Къэхъун дэт 2-нэ курыт еджапlэ №2-м Іуэху дахэ щекlуэкlащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэ Хьэхъупащlэ Амырхъан и фэеплъу къызэрагъэпэщащ пэщlэдзэ классхэм я деж щегъэжьауэ нэхъыжьхэм щlэсхэри зыхэта зэхьэзэхуэ. Ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом къыщацlыхуу щыта, лъэпкъ литературэмрэ Іуэрыlуатэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщlа усакlуэм, джэгуакlуэм и художественнэ щlэиныр къыдэкlуэтей щlэблэм зэрыбгъэдалъхьэным иужь итщ курыт еджапlэм и унафэщlымрэ егъэджакlуэхэмрэ. Апхуэдэуи Хьэхъупащlэхэ я лъэпкъыр зэрыгушхуэ цlыху цlэрыlуэм и лъэужьыр зэрыхамыгъэгъуэщэным и зы Іэмалу жэрдэм ящlащ зэпеуэм къыщыхэжаныкlхэр ахъшэ саугъэткlэ ягъэлъэпlэну (ар зи гукъэкlыр Амырхъан и къуэрылъху Ерджынокъуэ Ксениещ).

ЗЭПЕУЭМ хэтыну жэрдэм зыщlа дэтхэнэ зыри къыхагъэхьащ Іуэхум. Егъэзыгъэ хэмылъу ныбжьыщlэхэр зэхьэзэхуэм хэтыну гукъэкl зэращlам къегъэлъагъуэ абыхэм адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хуаlэ лъагъуныгъэр. Лъэпкъ хъугъуэфlыгъуэхэм сабийхэр дегъэхьэхыныр, хэкупсагъэмрэ гъэсэныгъэ нэсымрэ ныбжьыщlэхэм ябгъэдэлъхьэныр арaщ зэпеуэм къалэн нэхъыщхьэ хуэхъужри. Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм къайхъулlащ адыгэ тхыдэм, литературэм зи цlэр къыхэна лlы щэджащэм и творчествэр къыдэкlуэтей щlэблэм ирагъэцlыхуныр, усэ зэгъэщlэным, къеджэным, художественнэ лэжьыгъэм, нэгъуэщlхэми драгъэхьэхыныр.

Зэпеуэр унэтlыныгъитхукlэ зэщхьэщыхауэ щытащ. Хьэхъупащlэм и гъащlэм и къекlуэкlыкlам, и лэжьыгъэхэр зыхуэдам тепсэлъыхьащ, упщlэхэм жэуап иратащ ныбжьыщlэхэм; «Усакlуэм и псалъэ Іущхэр» зыфlаща унэтlыныгъэмкlэ эссе ятхащ; усэхэм гъэхуауэ къеджащ; Хьэхъупащlэм и творчествэр зыджа цlыкlухэм я Іэпщlэлъапщlагъэр къызэрагъэлъагъуэ хьэпшыпхэр, сурэтхэр ящlащ.

Мы Іуэхум хэта дэтхэнэ сабийми гулъытэ хэха хуэфащэт, я адыгэбзэм и шэрыуагъым, я Іэпэм дыщэ къызэрыпыщым, я акъылыр жану зэрылажьэм удимыхьэхынкlэ Іэмал иlэтэкъым. Абыхэм утыку кърахьа зэфlэкlымрэ зэчиймрэ къапщытащ Хьэхъупащlэхэ ящыщу Муlэед, Іэмин, Назирэт, Аслъэн сымэ, нэхъыжьыфlхэу, жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакlуэхэу Тохъу Мухьэмэдрэ Гувэжокъуэ Джэбрэlилрэ, Къэхъун къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Къандэхъу Леонид, курыт еджапlэ №2-м и унафэщl Джатокъуэ Риммэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакlуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Нэщlэпыджэ Замирэ, альпинист цlэрыlуэ Шыбзыхъуэ Казбек сымэ.

Зэпеуэм и къэпщытакlуэ гупыр зэчэнджэща нэужь, увыпlэхэр мыпхуэдэу ягуэшащ: Хьэхъупащlэм и гъащlэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ екlуэкlа Іыхьэм япэ увыпlэр къыщихьащ Абазэ Миланэ (8-нэ «б»), етlуанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Джатокъуэ Ислъам (9-нэ «а»), ещанэ увыпlэр лъагъэсащ Ташу Даринэ (11-нэ «а»). Эссе зытхахэм я деж щытекlуащ Къардэн Инал (10-нэ «а»), етlуанэ увыпlэр къихьащ Понэж Алинэ (9-нэ «б»), ещанэ увыпlэр иубыдащ Жамборэ Іэсият (7-нэ «б»).

Гъэхуауэ усэ къеджэным хухэхауэ щыта унэтlыныгъэр Іыхьищу ягуэшащ, сабийхэм я ныбжь елъытакlэ зэщхьэщыхауэ. Япэ гупым щыщу пашэ хъуар Къуэшы Салимщ, етlуанэ увыпlэр зэдагуэшащ Шакъ Азрэтрэ Езий Сослъэнрэ (мыхэр 4-нэ «а» классым щlэсщ), ещанэ увыпlэр хуагъэфэщахэщ Хьэхъупащlэ Даянэрэ (3-нэ «а») Гъащтэ Арианэрэ (3-нэ «б»).

Етlуанэ гупым япэ увыпlэр щызэдагуэшащ Гъащтэ Юлианэрэ (5-нэ «б»), Къардэн Албэчрэ (5-нэ «б»), етlуанэ увыпlэр къихьащ Нэщlэпыджэ Дахэнур (7-нэ «б»).

Ещанэ гупым пашэныгъэ къыщихьащ Тхьэгъэлэдж Илладэ (10-нэ «а»), етlуанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Къуэкъуей Аслъэн (9-нэ «б»).

Изобразительнэ гъуазджэмрэ декоративно-прикладной Іэзагъымкlэ унэтlыныгъэм и япэ гупым щытекlуар Албот Назирэтщ (4-нэ «а»), етlуанэ увыпlэр къихьащ Чыл Розалинэ (4-нэ «а»), ещанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Бэрэздж Миланэ (1-нэ «б»).

Етlуанэ гупым щыпашэщ Нэщlэпыджэ Исмэхьил (7-нэ «а»), етlуанэ увыпlэр къихьащ Зэшэкlуий Ясминэ (5-нэ «а»), ещанэ хъуащ Вэдахъуэ Аделинэ (5-нэ «а»).

Ещанэ гупым щытекlуар Вэдахъуэ Албэчщ (11-нэ «а»), етlуанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Албот Рианэ (9-нэ «б»).

Ныбжьыщlэхэм егугъуу загъэхьэзыращ. Къэпщытакlуэ гупым хъуэхъу псалъэкlэ зыхуагъэзащ школакlуэхэм икlи абыхэм я егъэджакlуэхэми, къадэlэпыкъуа адэ-анэхэми фlыщlэ хуащlащ. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ анэдэлъхубзэр псом япэ ирагъэщу, ар ягъэшэрыуэу щытын зэрыхуейр, къуажэдэс цlэрыlуэхэм я щапхъэр гъуазэ яхуэхъуу гъащlэм лъэ быдэкlэ зэрыхэтыпхъэр.

Къыхэжаныкlахэм щlыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ пщэдей курыт школым щратыжынущ.

Тхыгъэри сурэтхэри **НЭЩlЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*

● Гъуазджэ

IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым дыгъэгъазэм и 14 - 15 махуэхэм щекIуэкIащ иджырей гъуазджэхэмкIэ «Арт-Эль» щIымахуэ фестиваль гъэщIэгъуэныр. Ар къызэригъэпэщащ «Гильдия мастеров современного искусства» жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэм.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 14 - 15 махуэхэм сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ сыхьэт 20 хъуху Балъкъэр театрыр цIыху кIуапIэу щытащ. Абы щызэхуэсащ ди республикэм и мызакъуэу, гъунэгъу щIыналъэхэм къикIа дизайнерхэр, дэрбзэрхэр, пщафIэхэр, гъуазджэм и лIэужьыгъуэ куэдым я IэпщIэлъапщIэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр дахагъэр зыхалъхьэ щымыIэу къогъуэгурыкIуэ, декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ IэпщIэлъапщIэхэмкIэ республикэр зэрыкъулейми куэд щыгъуазэщ.

Псом хуэмыдэу уеплъыну гухэхъуэт дыщэидэмрэ хэдыкIымрэ хуэIэпщIэлъапщIэхэм хухаха плIанэпэхэм. ЗэрытщIэщи, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ лъэпкъ гъуазджэм и щэхухэм щыгъуазэу, хуэIэпщIэлъапщIэу. Дыщэидэр адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зэращыщым и щапхъэщ, и мыхьэнэм хэмыщIауэ, нобэр къыздэсым цIыхухэр а IэщIагъэм зэрыдихьэхыр, ар зэрафIэщIэщыгъуэр. Гъуазджэ нэсыр зэрыахъытыншэм ар иджыри зэ щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэщ. ЖыпIэнуракъэ, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ апхуэдизу хэпщIа хъуа дыщэидэр тхыдэм и къэхъугъэхэр къызэрыщ гъуджэшхуэщ. Мы лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъым къыдекIуэкI IэщIагъэ дахэр - пасэрей дыщэидэр, хэдыкIыр - хъумэнымкIэ, щIэблэр абы дегъэхьэхынымкIэ.

IуэхущIапIэм и япэ, етIуанэ къатхэм щыплъагъут дыщэ, дыжьын Iуданэхэмкlэ хэдыкIа, уагъэхэмрэ лъэпкъ дамыгъэхэмкIэ гъэдэха цIыхухъу, цIыхубз фэилъхьэгъуэхэр, бийм зэрыпэщIэт Iэщэхэр, сэхэр, къамэхэмрэ сампIэхэмрэ, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIугъэнэхэр, мывэ лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIа дыщэ, дыжьын Iэлъын, тхьэгъу, пщэхъу, Iэпщэхъу, цIыхубзхэм е щIыпIэ дахэхэм я сурэтхэр зытет сумкэхэр, чысэхэр, къэлътмакъхэр, бохъшэхэр, щхьэнтэхэр, IэлъэщIхэр, саугъэт папщIэу зэрыхуэупсэ цIыкIуфэкIуэхэр, унэлъащIэхэр зэрагъэдахэ сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ, пщафIэ Iэзэхэм ягъэхьэзыра шхыныгъуэ лIэужьыгъуэхэр, гуащэхэр, ИлъэсыщIэ открыткэхэр, псейр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэр, сурэтхэр щызытрагъэх плIанэпэхэр, нэгъуэщIхэри. Гъунэжт икIи удэзыхьэх защIэт пхъэм, гъуаплъэм, фарфорым, мывэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, унэлъащIэхэр, саугъэтхэр. ЗэрытщIэщи, IэкIэ ягъэхьэзыра хьэпшыпхэм сыт щыгъуи щIэупщIэ яIэщ, апхуэдэхэм я нэхъыбэм къытрагъэзэжу зэрамыщIым къыхэкIыу.

ЖьэкIэмыхъу Еленэ, Къущхьэ Иринэ, Волочковэ Наталье, Бачиевэ Iэсият, Къарей Элинэ, Шишман Залинэ, нэгъуэщIхэми я IэрыкIхэр фестивалым щагъэлъэгъуащ. IэпщIэлъапщIэхэм къызэрыджаIамкIэ, языныкъуэхэр зыпэрыт Iуэхум езыр-езыру зыхагъэгъуэзащ, адрейхэр илъэс бжыгъэкIэ абы хуеджащ. Нэхъыбэу я лэжьыгъэхэр выставкэхэм, Интернет сайтхэм щащэ. Дэрэжэгъуэ ин къозыт защIэт декоративно-прикладной гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкI телъыджэу утыку кърахьахэр. Дахагъэрэ хуабагъэрэ къызыпкърыкI хьэпшыпхэм еплъ къудей мыхъуу, ягу ирихьахэр къащэхунуи Iэмал яIащ.

Фестивалым къызэрагъэпэщащ зи ныбжьыр илъэсих ирикъуа сабийхэм щыщIэдзауэ ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза мастер-класс гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэт имбир бранычхэр, пхъэм къыхэщIыкIа дамыгъэхэр, щыгъынхэр гъэщIэрэщIэным, хьэпIацIэ щыгъэ блэным, ятIэ гъэжьам хьэкъущыкъухэр къыхэщIыкIыным, шэху уэздыгъэхэр гъэхьэзырыным, саугъэтхэр щIыным, нэгъуэщIхэми траухуахэр. НыбжьыщIэхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ абы хыхьэу къызэрагъэпэща аквагримри (сабийхэм я Iэм, я нэкIум трагъауэ сурэт цIыкIухэр).

Мы гъэлъэгъуэныгъэм иджыри зэ нэрылъагъу щыхъуащ республикэм и декоративно-прикладной гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыну, пасэрей IэщIагъэхэм зыщызыгъэгъуэзэну, абыхэм зезыгъэужьыну щIэблэ щIыналъэм зэриIэр. Зэхыхьэм хэтахэми абы зрезыгъэхьэлIахэми я нэгу зиужьауэ, я Iуэхум теухуауэ зэчэнджэщауэ гъэщIэгъуэн, щIэ куэд къащIауэ зэбгрыкIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Спорт

Аргуэру медаль къехь

Владикавказ къалэм «Снежный барс» фIэщыгъэр иIэу иджыблагъэ щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэхэмкIэ) 4-нэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 11-м я спортсмен 350-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэпеуэм щыIащ «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэ иIэу къигъэзэжащ.

Къыхэдгъэщынщи, ныбжьыщIэм зыкъыщигъэлъагъуэр килограмм 37-рэ хъухэм я дежщ, ауэ иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэм апхуэдэ хьэлъагъ зиIэхэм я зэIущIэ зэрырамыгъэкIуэкIам къыхэкIыу, Руслан зыкъыщигъэлъэгъуэн хуей хъуащ килограмм 40 хъухэм я деж икIи, дызыщыгуфIыкIынщи, къикIуэтакъым!

Япэ зэIущIэм Руслан къыпэщIэтащ хэгъэрей спортсмен Плиев Ахсартаг, ауэ зэхьэзэхуэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу абы текIуащ ди щIалэр. АдэкIэ, финалым икIын папщIэ, ар хуэзащ Ингушым и лIыкIуэ Межоев Аблул-Малик. Мыбдежым Хьэщыкъуейр абы фIыуэ гугъу дехьащ, ауэ, дауэ хъуми, текIуэныгъэр къыфIихьащ зэIущIэм и бжыгъэр 2:1-уэ.

КIэух зэхьэзэхуэм Руслан щыIущIащ КъБР-м и командэм хэт, езым и ныбжьэгъу щIалэ Гувэжыкъуэ Инал. А зэпэщIэтыныгъэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ. АдэкIэ унафэр къызылъысар судьяхэрати, япэ увыпIэр Инал иратащ, ар текIуэныгъэм нэхъ хуэпэбгъауэ къалъытэри. Руслан етIуанэ хъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, Хьэщыкъуей Руслан дызэрыт илъэсым зэIущIэу 10-м хэтати, абы щыщу 9-м медаль зэмылIэужьыгъуэхэр къыщихьащ: 3-р дыщэу, 5-р - дыжьыну, 1-р домбеякъыу. Медалыншэу къыздикIыжар Дон Iус Ростов и закъуэщ. ЖыпIэнурамэ, илъэсыщIэм ехъулIэныгъэхэр и куэду ирохьэлIэ. Ди гуапэщ и зэфIэкIыым адэкIи хигъэхъуэну, дэщIхэр иджыри куэдрэ игъэгуфIэну!

Руслан и тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Бозиев Муслимрэщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

ЕкIуу утыку къохьэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ боксер КIэрэф Тимур Налшык къалэм щытекIуащ Ираным къикIа Мехраби Саджад. «Профессиональнэ боксым и пшыхь» зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщат боксерхэм я зэIущIэхэр зэхэзышэ, ахэр нэгузыужьу езыгъэкIуэкI «Iron & Gloves Promotions», «PATRIOT Boxing» IуэхущIапIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ КъБР-мрэ УФ-мрэ БоксымкIэ я федерацэхэм я дэIэпыкъуныгъэ хьэлъу.

ИКУ ит хьэлъагъ зиIэхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ адыгэ щIалэм текIуэныгъэр къихьын папщIэ зэIущIэм хухаха раунди 10-ми зэуэн хуей хъуащ икIи судьяхэм, псори зэдэарэзыуэ, ар КIэрэфым къыхуагъэфэщащ. ЗэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ Тимур къыхигъэщат Налшык къалэм зэпеуэр зэрыщрагъэкIуэкIынум и къарум нэхъри зэрыхигъахуэр, и лъэр жан зэрищIыр.

«Шэч хэлъкъым нобэрей зэхьэзэхуэм си дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIам - япэрауэ, ар щокIуэкI сыщалъхуа лъахэм икIи сэ къыздэщIхэм я пащхьэм зыкъыщызгъэлъэгъуэнущ, арегъэлеяуэ щIэгъэкъуэныгъэшхуэщ. Дыдейхэм дэщIыкIэ ящIэ. Апхуэдэу гурэ псэкIэ уи телъхьэхэм я макъхэр щызэхэпхкIэ текIуэныгъэм нэхъри ухуегъэпабгъэ, нэхъыбэми утрегъэгушхуэ. Апхуэдэу щытми, зэрыжаIэу, «щхьэ пщтыру» утыку сихьэнукъым - си лэжьыгъэр гупсысэ хэлъу згъэзэщIэнущ», - къыджиIат журналистхэм ди боксёрым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2019 гъэм и кIэхэм къыщыщIэдзауэ КIэрэфыр иджы япэу Урысей Федерацэм и щIыналъэм щызауэу аращ. Абы ипэкIэ США-м зэIущIитху ехъулIэныгъэхэр щиIэу щригъэкIуэкIащ. Аргентинэми зэ щызэуащ. Абы щыIэу, 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэм, ар къыхигъэщIащ Верон Франциско Даниель. Мыбдежым унафэр зыIэщIэлъар судьяхэращ: текIуэныгъэр абыхэм иратащ ди щIалэм и хьэрхуэрэгъуэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Тимур профессиональнэ боксым зэрыхыхьэрэ япэу къыхагъэщIа хъуащ.

«Дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, Iуэхуншэу куэдрэ ущысыныр си дежкIи щIагъуэкъым, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ - а зэманым къриубыдэу си узыншагъэр зэтезгъэувэжащ, фэбжьхэр хэкIыжащ икIи псэкIи къарукIи зэхьэзэхуэм сыхуэхьэзырщ, боксми сыхуэзэшащ. Си гуапэщ къэзгъэзэжыну, зэIущIэм еплъыну къэкIуахэм бокс дахэ езгъэлъагъуну», - жиIащ КIэрэфым.

Мыдрейуэ ди щIалэм къыпэщIэта Мехраби зэIущIитху иригъэкIуэкIат дызэрыт илъэсым, иджырейр еханэт. Мы гъэм ар зыхуэзахэм яхэтащ боксер лъэщхэу Лопсан Артыш, Зонь Никитэ сымэ.

ЗэIущIэм щIидзэным ипэ къихуэу спортсменхэр яшэчати, КIэрэф Тимур килограмм 75,7-рэ, иран щIалэр килограмм 78,8-рэ хъууэ ятхащ.

«Си Iуэхур иджыпсту хъарзынэщ. РаундипщIым фIыуэ сагъэбэуащ, си хьэрхуэрэгъур лъэщт - дапхуэдизрэ хуищIэу сеуами псори ишэчащ. Илъэсрэ ныкъуэрэ хъуауэ мыр си япэ зэIущIэу аращ, сыхьэзырщ нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм сыхэтыну. Урысейми хамэ къэралхэми зэIущIэхэм сыхагъэтыну къысхуагъэлъагъуэ», - къыхигъэщащ Тимур зэIущIэ нэужьым.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Франджы балетым и адыгэ вагъуэ

Черинэ Людмилэ (Шэмырзэ Моникэ) къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирокъу

«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ и редактору щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и къалэмыр нобэ къызыхуищтар псэкIэ и гъунэгъу, куэд дыдэ зыхилъхьа Iуэхурщ - хамэ къэрал щыпсэу адыгэ цIэрыIуэхэм ятетхыхьынырщ. Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я дунейр япэу къытхуэзэIузыхахэм ящыщ зыщ ар, илъэс куэд щIауи абыхэм я гъащIэр, я IуэхущIафэр, я Iэужьыр ди деж къызэрихьэс тхыгъэхэр и къалэмыпэм къыпокI, ахэр ди щIэджыкIакIуэхэм зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъу. Абыхэм ящыщ зыщ фи пащхьэ къитлъхьэр.

ДЭ зи гугъу тщIынур дуней псом щыцIэрыIуэ къэфакIуэ Шэмырзэ Людмилэщ - Франджым и «Гранд Опера» лъэпкъ театрым и примэ-балеринэрщ.

Шэмырзэ Людмилэ къэфэным къыхуалъхуат. Ар сценэм зэпIэзэрыту куэдрэ иттэкъым. Мыбы дэплъагъур нэгъуэщIт: балеринэм зипхъуатэрти, къызэрыгуэкI псоми уардэу защхьэщиIэтыкIт, зэми хъуэпсэгъуэ гуэрым хуэпабгъэу пыIэрт, уащхъуэдэмыщхъуэу зишэщIт, абдежми зыхыуигъащIэрт романтикэм зэрыдихьэхыр, имыгъэунэхуа къэхъугъэм, гурыщIэм къызэрыхуэушар.

Адрейхэм къазэрыхэщу балеринэм езым иIэж зыщIыкIэр щыцIыкIуми къыпкърыщырт, къыщыфэкIэ макъамэм зэрыдекIумкIэ, музыкэм зэрыхуэгурыхуэмкIэ, дунейм и дахэр кууэ зэрызыхищIэмкIэ зыхуэбгъэдэн гъуэтыгъуейт.

«Людмилэ и зекIуэкIэр щыплъагъукIэ, занщIэу уи нэгум къыщIохьэ Кавказым щыпсэу адыгэ цIыхубзхэр - дунейм къыщигъэщIа бзылъхугъэхэм я нэхъ тхьэIухуду жыхуаIэхэр, - итхащ япэм балеринэу щыта, франджы искусствовед Лидовэ Иринэ. - Бланэ шыр лъакъуэхэр зэкIужщ».

Зыми емыщхьу абы далъагъуу щыта гуакIуагъэр, дауи, «ищхьэрэжь» къызэрыщIихуам и сэбэпщ (Людмилэ и адэ Шэмырзэ Авенир адыгэщ). «Пари Мач» журналым и корреспондентым абы къыIиха интервьюм езы Черинэ щыжиIат адыгэм къазэрыхэкIар. И анэр франджы бзылъхугъэт. Людмилэ и адэм зэи щыгъупщакъым и адэжь лъапсэр, къафэм и хэкур - Кавказыр.

Урыс пащтыхьым и балетым хэта къэфакIуэхэм революцэм и ужькIэ Париж къыщызэIуахауэ щыта хореографие курсхэр лъэпкъ зыбжанэм къахэкIахэм я еджапIэ хъуащ. КъэфакIуэ цIэрыIуэ куэд зыгъэсауэ щыта профессор Преображенская Ольгэ и унафэм щIэту а еджапIэм япэ лъэбакъуэр щичащ Шэмырзэ Моникэ. ИужьыIуэкIэ итальян балеринэ Вальдине Бланш д'Александри ныбжьыщIэр хурегъаджэ езыр зыщыщ къэралым и школым и хабзэ нэхъыфIым - жьы щIэту къэфэным.

И ныбжьыр илъэсипщIым щитым Моникэ «сабий телъыджэкIэ» къеджэрт. Балигъхэм ящIыгъуу ар щыджэгурт хореографиемкIэ ягъэув спектаклхэм, зыкъыщигъэлъагъуэрт Париж щыцIэрыIуэ хьэщIэщхэм икIи ар вагъуэщIэу къыщIэкIыу къалъытэрт. КъызэрыфэфIым и мызакъуэу, сценэм щыджэгуфу ар зыгъэсар урыс актёр Тверский Михаилщ. Ар щIэныгъэфIрэ зэхэщIыкIыIшхуэрэ зиIэ цIыхут.

Драмэм щыджэгу цIыхум къигъэщIын хуей Iуэхугъуэм зэрыхуэгурыхуэр абы пасэу къигъэлъэгъуат. Емызэшт, хуумыгъэфэщэн хуэдизу ерыщу лажьэрти, зыхуейр зригъэхъулIэрт. 1939 гъэм Шэмырзэм хуэзэфIэкIащ музыкэм щыхурагъаджэ еджапIэм концерт щитын. Къафэхэм я нэхъыбэр къыхэзыхари къэзыгъэлъэгъуари езырат. ИкъукIэ ягу ирихьу Моникэ игъэзэщIащ «Нэщхъеягъуэ къафэр».

Зауэм и пэщIэдзэхэм, илъэс пщыкIутхум иту, Шэмырзэ Моникэ Ницце къалэм щыIэ «Опера Монте-Карло» гупым и балеринэ нэхъыщхьэу мэлажьэ икIи зыхэтхэм я набдзэщ. «Медиторанэ» («ЩIыкурытых») уардэунэм» адыгэ пщащэм щегъэзащIэ балетым и классикэ репертуарыр: «Къыу гуэлыр», «Розэм и плъыфэр», «Къыу лIэр». Мис а спектаклхэм ехъулIэныгъэшхуэ къыхуахь икIи абы и гъащIэр зытетыну гъуэгур къыхузэIуах. «Езыр апхуэдизу щIалэу икIи хур пщащэм хуэдэу дахэу, и Iэпкълъэпкъ кIэ зэкIужу а телъыджэ къэунэхуам» гу къылъетэ балетмейстер цIэрыIуэ Лифар

Серж. Абы Моникэ Париж ирегъэблагъэ икIи «Гранд Опера» театрым щигъэув «Ромеорэ Джульеттэрэ» балетыщIэм Джульеттэ и ролыр щигъэзэщIэну кърет. А зэманым адыгэ пщащэр илъэс пщыкIух хъууэ арат, ауэ, и ныбжькIэ щIалэми, абы къыгурыIуат а къалэн гугъум зэрыпэлъэщым куэд зэрелъытар.

Лифар и чэнджэщкIэ абы и цIэунэцIэр ехъуэжри, Черинэ Людмилэ мэхъу. «Ромеорэ Джульеттэрэ» балетыр «Гранд Операм» щагъэув. КъэфакIуэ хъыджэбзым и щIыхьыр абы къеIэт.

Прессэм гулъытэшхуэ хуащIащ Шэмырзэм и зэфIэкIми Ромео и ролыр зыгъэзэщIа Лифар Сержи. Абыхэм къайхъулIащ, зы щIыпIэ дежи къафэм и «тхыпхъэр» щамыгъэкIуэду, удихьэхыу ар зэIуащэн.

Япэм мащIэу Iэнкуну щытами, Шэмырзэр утыкушхуэ куэдрэ ихьэ зэрыхъуам игъэгушхуат. Илъэсхэр пщIэншэу зэримыгъэкIуэдари наIуэт. Макъамэм ипхъуэта Iэпкълъэпкъым и щытыкIэнур фIыуэ зэрищIэр, сыт хуэдэ зыщIыкIэри тыншу къипхъуэтэфу зэресар хуабжьу сэбэп къыхуэхъужащ.

Шэмырзэм и къэфэкIэри и джэгукIэри нэхъ нэгъэса хъурт, и зэфIэкIым хэхъуэрт, ар иджы изэгъэжыртэкъым къыхуагъэув гъунапкъэхэм - фIэфIт гупсысэну, лъыхъуэну. Абы щыгъуэми ар хущIэкъурт къафэм и дэтхэнэ Iыхьэри нэхъ удэзыхьэх зэрищIыным, теплъэгъуэхэм я нэхъ тэмэмым зэрыхуэкIуэным. КъыдэлажьэхэмкIэ, къыкIэлъыплъхэм къащыхъурт а цIыхубзым хуэзэфIэмыкIын щымыIэу, абы псори тыншу къехъулIэу. Ауэ зыхуей псори Людмилэ тыншу къехъулIэу щытауэ жыпIэныр къеэзэгъкъым. Еш имыщIэу, и къаруи и псэ хилъхьэу махуэ къэс зырызигъасэм къыпэкIуэрт псоми ягъэщIагъуэ Iэзагъыр.

Шекспир и «Джульетта»-р утыку щызыгъэлъэгъуахэм ящыщу Шэмырзэр Франджым и балеринэ нэхъ Iэзэ дыдэу къалъытэ кIудейтэкъым, атIэ ар дунейпсо театрым и Джульеттэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу ябжырт.

1945 гъэм къыщыщIэдзауэ Шэмырзэр щолажьэ Марсель къалэм оперэмкIэ и театрым. ИлъэситI докIри, ар мэIэпхъуэ Монте-Карло. Абы щагъэув балетхэм Людмилэ къыщылъос роль нэхъыщхьэхэр, гупым и набдзэу къалъытэри арщ.

КъэфакIуэшхуэ Одран Эдмон дэкIуа нэужь, адыгэ бзылъхугъэм и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ егъуэт.

Одран балетым гъуэгущIэ къыхуэзылъыхьуэ цIыху емызэшт, ар нэхъыбэу зыхущIэкъур цIыхуитI щыджэгу спектаклхэм я купщIэр щIэщыгъуэ, я теплъэр нэхъ удэзыхьэх зэрищIынт. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу икIи чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ Людмилэ.

Апхуэдэу зэщхьэгъусэхэм ягъэзэщIащ Одран и адэшхуэм итха «Мадам Луна», Лист Ференц и «Мефисто-вальсхэр» жыхуиIэхэм я макъамэхэр я лъабжьэу ягъэува балет теплъэгъуэ кIэщIхэр.

Шэмырзэмрэ Одранрэ дахьэх революцэм теухуа лэжьыгъэхэми. Я репертуарым хагъэхьэ зы теплъэгъуэ фIэкIа мыхъу балетхэр: Рюд Франсуа и «Марсельеза»-р, Скарлатти Доменикэ и «Дыгъужьымрэ щынэмрэ», Лифар Серж итха «ЛIыхъужьым и фэеплъыр», нэгъуэщIхэри. Абыхэм къахощыж Франджым щекIуэкIа революцэр, пащтыхьыгъуэр зэрызэтракъутар, Париж Коммунэм и махуэ хьэлъэхэр.

А гъэ дыдэм (1945) Шэмырзэм гъунэгъу хуохъу Пти Роланд - иджырей франджы хореографхэр куэдым хуэзыгъэса IэщIагъэлI цIэрыIуэм. Балетмейстерыр дехьэх Iэпхъуэшапхъуэ актёрхэм, музыкантхэм, сурэтыщI къулейсызхэм, Париж и къалэ гъунэхэмрэ тхьэмыщкIагъэ зыдэлъ и уэрамхэмрэ щыпсэухэм я дуней тетыкIэм. Абы нэхъыбэу къыхихыр гуузу иух лъагъуныгъэр къыщыгъэлъэгъуа, Iуэху шынагъуэхэр къыщыхъу тхыгъэхэрщ. «Париж и къалэ гъунэхэм я Ромео шынагъуэ» къыхужаIауэ щытащ абы.

«Елисей губгъуэхэр», «ТхьэIухуд жей» балетхэм зэгъусэу щыджэгуащ Роландрэ Людмилэрэ. Псом хуэмыдэу «ТхьэIухуд жейм» зэдекIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ, тIури гъащIэм, нэхугъэм зэрыхуэпабгъэр, дуней Iуэхухэм нэхъ зэрыдахьэхыр белджылы къащIу.

«ТхьэIухуд жейм» хэт Аврорэ и ролым пэлъэщыр зэчий ин зиIэ къэфакIуэ зырызщ. Шэмырзэм ар къехъулIащ. Абы и къалэнт зы образыр лIэужьыгъуищу къызэкIуэцIихыну.

Япэ теплъэгъуэм удехьэх балигъыпIэ иджыри имыувэпа, сабий хьэлхэр зыхэзымына щIалэгъуэ дахэр уи нэгу зэрыщIигъэкIымкIэ.

ЕтIуанэ теплъэгъуэм укъегъэуIэбжь: Людмилэ псэ зыпымытым и сурэтым йохьэ, абы щыгъуэми, пащтыхьыкъуэ Дезире зыщIегъэхъуэпс, Аврорэ бгъэдэлъ цIыхубзыгъэ дахэр нэIурыт ещI.

Ещанэм, иужьрей теплъэгъуэм, балеринэм и зэфIэкIыр гъунапкъэншэщ, Шэмырзэм къигъуэтыфащ дунейм щытепщэ лъагъуныгъэм и инагъымрэ абы и мыхьэнэмрэ, къигъэлъэгъуащ ар насып зэрыхъу щIыкIэр, гуфIэгъуэ нурыр къащхьэщех а насыпыр зэуэлIаитIым.

А балетхэр ягъэува нэужь, адыгэ бзылъхугъэр кином ирагъэблагъэ. Режиссерхэу Жак Кристиан, Жовэ Луи сымэ абы зэгурыIуэныгъэ кърагщIылIэ. Шэмырзэ Людмилэ япэу щыджэгуащ «Красные башмачки» фильмым.

А зэманым Людмилэ и гъащIэр къызэрегъэдзэкI и щхьэгъусэ Одран Эдмон дунейм зэрехыжам. Куэдрэ зыкъыхуэужьыжакъым абы иужькIэ Шэмырзэм. Дапхуэдэу щымытми, гъащIэм къыхуигъэув къалэнхэм япэIэщIэ зищIыфакъым. Кином зэрыщылажьэм хуэдэурэ, Шэмырзэм еубзыху классикэ балетхэм къыщыгъэлъэгъуэн хуей образхэр, йогупсыс абыхэм яхэль гурыщIэр нэхъ куу, къулей зэрищIынум, зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэм зэрырипхынум.

Людмилэ къаруушхуэ ирихьэлIащ франджы хореографхэм я тхыгъэхэр кином къыщыгъэлъэгъуэным. Ар фильм 18-м щыджэгуащ. Абыхэм ящыщщ «Вакъэ плъыжьхэр», «Гофман и таурыхъхэр», нэгъуэщIхэри. Иужьрейм щигъэзэщIа ролым папщIэ Моникэ «Оскар» саугъэтыр къыхуагъэфащэ.

Шэмырзэр ди къэралми зыбжанэрэ щыIащ. 1958 гъэм Москва и Театрышхуэм абы щигъэзэщIащ и роль нэхъыфIхэр - Сен-Санс Камил и «Къыу лIэр», Шарль Адан и «Жизель»-р. Ди цIыхухэм ар гуапэу кърагъэблэгъа къудейкъым, абы зэи щыгъупщакъым пщIэуэ хуащIар. Совет прессэр (адрей къэралхэм яйми хуэдэу) Черинэ Людмилэ щытепсэлъыхькIэ зи гугъу ящIыр гъащIэм и пэжыр къэзыгъэлъагъуэ франджы гъуазджэрщ, франджы щэнхабзэм цIыхугъэм укъыхуезыджэу хэлъырщ.

Мэзкуу икIыжа нэужь, Людмилэ «Гранд Опера» театрым игъэхьэзыра «Щихъ Себастьян ишэча хьэзабхэр» оперэм уэрэд щыжеIэ. Газетхэм зэратхащи, Черинэ абыи зэфIэкIышхуэ иIэу зыкъыщигъэлъэгъуат.

Черинэ Людмилэ ди къэралым и ныбжьэгъушхуэт, ди къафэм хэлъ нэщэнэ нэхъ дахэхэр фIыуэ зылъагъут. Абы и цIыхугъэфIт икIи и ныбжьэгъуфIт урыс балеринэ пажэхэу Улановэ Галинэрэ Плисецкая Майерэ.

2004 гъэм и гъатхэпэ мазэм Париж щылIащ франджы балетымрэ киномрэ я артисткэ цIэрыIуэр. Шэмырзэ Моникэ илъэс 79-рэ къигъэщIащ. Франджы Республикэм и премьер-министр Раффарен Жан-Пьер щыгъуэ махуэм щыжиIащ Черинэ Людмилэ «франджы гъуазджэм ХХлIэщIыгъэм бжьыпэр щызыIыгъахэм ящыщ зыуэ» зэрыщытар. Сценэм икIыжа нэужь, Шэмырзэм романитI итхащ. А тIум я зыр, балет гъуазджэм теухуар, цIэрыIуэ дыдэ хъуащ. И ныбжьыр хэкIуэтауэ, 90 гъэхэм, скульптурэм зритри, цIэрыIуэ хъуащ Черинэр. И лэжьыгъэхэм ящыщ зыр («Европэр ди гущIагъщIэлъщ») Людмилэ ищIащ Европэ Советым и лъэIукIэ. Скульптурэ фэеплъ иныр щагъэуващ Страсбург - Европарламентым и унэм и гупэкIэ.

Мис апхуэдэ гъащIэ телъыджэ къипсэуащ къэбэрдей лIакъуэлIэшымрэ франджы бзылъхугъэмрэ япхъу гъэфIэн Шэмырзэ Моникэ, Черинэ ЛюдмилэкIэ зэджэжым.

Зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР: **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.489
Заказыр №2771
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаиннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.